



# Zouti sou Konfidansyalite Minè yo

## Lè Yo Travay avèk Minè yo: Yon Fèy Travay sou Vi Prive ak Konfidansyalite

Fèy travay sa a se yon zouti pou ede ou menm ak òganizasyon sèvis viktim grasa OVW pou detèmine preparasyon ou pou bay sèvis konfidansyèl pou sivivan atak seksyèl, konjwen ak menase ak vyolans domestik, moun minè yo. Li fèt kòm yon zouti konpayon nan " Lè Yo Travay avèk Minè yo: Sa Ou Dwe Konnen Sou Pwoteksyon Dwa Vi Prive yo. " Travay avèk Kat Dwa Konfidansyalite Minè yo selon jiridiksyon espesifik ou, <sup>1</sup> nou prevwa li pral pran apeprè inèdtan pou ranpli fèy travay sa a. Si ou bezwen plis èd, tanpri kontakte nou. PrivacyTA@victimrights.org.

### Ki Moun ki gen Otorite Legal pou Pran Desizyon yo?

Seksyon sa ap ede ou detèmine si règleman sou vi prive òganizasyon ou fè distenksyon ant sèvi minè ki ka, ak minè ki ka pa, bay konsantman pou resevwa sèvis ou san patisipasyon paran oswa responsab legal yo.

Nan eta nou a, minè yo ka bay konsantman pou sèvis sa yo si yo gen laj (pa egzanp, sèvis sou atak seksyèl, defans viktim, swen sante, sèvis sante mantal, elatriye):

Sèvis	Laj	Konsiderasyon espesyal (pa egzanp, Pwofesyonèl swen sante a dwe notifie paran an apre yon seri sesyon yo)

Gen /**Pa Gen** yon lwa oswa ka lalwa nan jiridiksyon mwen ki adrese emansipasyon (ensèkle yon sèl).

Yo ka emansipe yon minè nan eta nou lè yo gen laj \_\_\_\_\_ .

<sup>1</sup> Kat yo sou vi prive jiridiksyon espesifik sa yo poko disponib.

Yo ka trete yon minè tou kòm yon adilt dapre lalwa nan sikonstans sa yo:

Eksepsyon	Laj	Efè dapre lalwa
Marye		
Si yo ansent oswa se yon paran		
Nan militè a		
Lòt:		
Lòt:		
Lòt:		

Nan jiridiksyon nou an, yon minè emansipe **se / se pa** toujou sijè a lwa rapòtaj yo sou abi timoun (ensèkle yon sèl).

Si yon minè emansipe, li afekte aksè minè a nan sèvis nou yo nan fason annapre yo:

Lwa ki endike anwo a refilete règleman ak pwosedi pwogram sa yo, pa egzanp, nou mande si yon minè emansipe nan fòmilè kesyonè nou, nou gen yon règleman alekri sou sa yo dwe fè si yon minè emansipe, elatriye:

Seksyon sa ap ede ou detèmine lwa yo sou privilèj ak vi prive nan jiridiksyon ou. Apresa, sa pral ede ou konprann sijè ki abòde nan sèvis yo ou ka bay ak diskisyon yo ou pral bezwen fè ak yon viktim ak paran yon viktim oswa responsab legal legal la.

Nan jiridiksyon nou, nou **gen / pa gen** yon privilèj defansè-viktim (ensèkle youn).

Si yon privilèj egziste, mwen **konprann/ pa konprann** yon paran oswa yon gad responsab prezan ka anile privilèj la (ensèkle youn).

## Ki Moun ki Jwenn ki Enfòmasyon an ak Kilè yo Jwenn Li?

Seksyon sa a pral ede detèmine ki enfòmasyon yon minè kontwole. Sa pral ede detèmine nan ki limit yon minè ka kenbe dosye yo konfidansyèl.

Nan eta nou, enfòmasyon annapre yo (pa egzanp, dosye swen sante, dosye sante mantal) yo detèmine se posesyon yon viktim nan laj annapre yo, epi yo dwe kenbe yo konfidansyèl:

Enfòmasyon	Laj

Si yo sèvi avèk yon manda pou dosye yon minè, oswa pou yon manm pèsonèl la temwaye sou yon minè nou prezante yon avi (pa t prezante yon avi), règleman òganizasyon nou se:

Nou te pran etap sa yo asire ke tout volontè yo ak anplwaye peye konnen ki sa yo dwe fè si nou resevwa yon manda.

Seksyon sa ap ede ou konprann obligasyon rapòtaj obligatwa sou abi timoun jiridiksyon ou ase byen pou ou konnen ki lè ou dwe, ak ki lè ou pa dwe, rapòte.

Pwofesyon oswa anplwaye annapre yo se Rapòtè obligatwa nan jiridiksyon nou (ajoute liy yo jan sa nesesè pou endike tout Rapòtè obligatwa nan jiridiksyon ou; efase/retire tout egzanp yo pa enkli nan lwa obligatwa rapòtaj ou):

Pwofesyon / Anplwaye nan yon Òganizasyon Ekstèn	Non Anplwaye oswa Volontè a	Manm Pèsonèl	Volontè
Defansè DV			
Defansè SA			
Defansè kont asèlman			
Travayè sosyal reglemante			
Avoka			
Pwofesyonèl sante mantal			
Pwofesyonèl swen sante			
Anplwaye lekòl la			
Anplwaye Depatman Sèvis Imen la (DHS)			
Jij			

Nou **kenbe / pa kenbe** (ensèkle youn) yon lis sou moun nan òganizasyon nou ki se Rapòtè Obligatwa yo. Yo / **Yo pa** (ensèkle yon sèl) regilyèman mete ajou ak distribye dokiman sa a.

Nou **gen / pa** gen yon opsyon pou minè yo pale avèk yon moun nan òganizasyon nou, oswa yo dwe refere yo bay yon moun nan yon lòt òganizasyon, ki pa yon Rapòtè obligatwa.

Nou **toujou di/ pa pa toujou di** minè yo ak paran yo oswa gad responsab yo obligasyon obligatwa rapòtaj nou yo anvan nou mande yo kijan nou ka ede yo.

Lwa rapòtaj obligatwa nou an defini yon "timoun" kòm:

Nan jiridiksyon nou, nivo ak kalite domaj ki satisfè definisyon "abi", "neglijans", oswa "aksidan" ki egzije yon rapò se:

Tribi, eta, distri, oswa teritwa nou yo defini tèm sa yo vle di:

Nou sèlman rapòte abi timoun apre nou fin asire ke nou oblije fè sa dapre lalwa. **Wi / Non** (ensèkle youn)

Si mwen se yon Rapòtè obligatwa, se sa mwen dwe rapòte:

Enfòmasyon	Wi/Non
Non timoun an	
Adrès timoun an	
Non ak adrès paran oswa responsab legal timoun an	
Laj timoun nan	

Enfòmasyon yo dwe rapòte, kontinye

Enfòmasyon	Wi/Non
Lanati ak limit abi a	
Moun yo sispèk kòm abizè a	
Relasyon moun yo sispèk kòm abizè a ak timoun an	
Eksplikasyon yo bay pou abi a	
Enfòmasyon pou kontakte abizè yo sispèk la	
Lòt (presize):	
Lòt (presize):	
Lòt (presize):	

Sa yo se opsyon yo pou kote mwen dwe rapòte abi a (pa egzanp, Depatman Sèvis Imen la (Department of Human Services), lapolis – presize branch (yo)):

Nou **pèmèt / pa pèmèt** pèmèt minè yo decide ki moun ki pral resevwa nenpòt rapò obligatwa nou dwe fè (ensèkle youn).

**Seksyon sa pral ede ou reflechi sou pratik sou kenbe enfòmasyon dosye ou ajou, epi si wi ou swa yo pi efikasan pwoteje enkyetid sou vi prive yon viktim minè.**

Èske nou gen yon politik sou ki enfòmasyon yo / yo pa mete nan dosye kliyan yo? (Tache yon kopi isit la.)

- Wi**       **Non**

Èske chak moun nou sèvi gen yon dosye apa (menm lè nou sèvi lòt manm nan fanmi an)?

- Wi**       **Non**

**Seksyon sa pral ede ou reflechi sou fason pou respekte konfidansyalite lè ou ap travay avèk lekòl yo.** <sup>2</sup>

Èske nou asire anplwaye ak volontè yo k ap fè kontak oswa bay sèvis nan lekòl yo, ki gen ladan travay prevansyon, ap resevwa fòmasyon sou konfidansyalite ak rapòtaj obligatwa?

- Wi**       **Non**

Èske nou asire nou di elèv yo si nou se Rapòtè obligatwa ak responsablite konfidansyalite nou okòmansman nenpòt prezantasyon oswa diskisyon?

- Wi**       **Non**

Èske nou gen yon fason anonim pou elèv yo poze kesyon pandan prezantasyon lekòl nou yo?

- Wi**       **Non**

<sup>2</sup> Sant Lalwa sou Dwa Viktim yo (Victim Rights Law Center) gen tou yon Zouti sou Repons Kowòdone Kominotè (Coordinated Community Response, CCR) ki ka ede ou reflechi sou pwoteksyon vi prive minè yo nan yon kontèks CCR oswa lòt patenarya kominotè. Ou ka mande pou Zouti CCR lè ou ale nan sitwèb [PrivacyTA@victimrights.org](mailto:PrivacyTA@victimrights.org).

© 2018 Victim Rights Law Center. Pwojè sa a se sipòte dapre nimewo sibvansyon 2015-TA-AX-KO25 grasa Biwo Vyolans Kont Fanm yo, Depatman Lajistis Etazini (Office on Violence Against Women, U.S. Department of Justice). Opinyon, prèv, ak konklizyon yo eksprime se sa yo ki soti nan men otè a (yo) epi yo pa nesèyman reprezante opinyon yo nan Depatman Lajistis Etazini a.

# Rapò Obligatwa sou Abi Timoun: Yon Tablo sou Sekans Aksyon pou Defansè yo ki finanse gras a OWV

## Zouti sou Konfidansyalite Minè yo

### Èske ou se yon "Rapòtè obligatwa"?

Revize lwa ou pou detèmine ki moun ki dwe rapòte Abi Timoun nan jiridiksyon ou. Pote atansyon sou kondisyon patikilye yo. Asire ou ke ou enfòmè sivivan an okòmansman an - anvan yo fè nenpòt divilgasyon - si ou se yon Rapòtè obligatwa.

NON

WI



### Èske ou dwe rapòte abi sivivan an?

Èske sivivan an se yon minè sou ki moun yo dwe rapòte abi? Pa egzanp, yon minè pa ta ka sijè a lwa obligatwa yo sou rapòtaj abi timoun si minè a emansipe, nan militè a, oswa se yon paran.

NON

WI

### Èske sivivan an te eksperyans "abi timoun" jan lwa ou defini li?

NON

WI

### Èske ou egzante nan rapòte ka sa a?

Pa egzanp, èske divilgasyon an pwoteje dapre yon relasyon defansè-viktim, terapèsyon, avoka-kliyan, oswa lòt privilèj ki entèdi divilgasyon san konsantman sivivan?

WI

NON

Ou pa ka rapòte abi a oswa otreman vyole konfidansyalite yon sivivan san konsantman enfòmè alekri yo.

### Rapòtaj Obligatwa

Prezante rapò a bay ajans apwopriye a. Si gen yon chwa ant ajans yo, diskite opsyon yo avèk sivivan an. Asire byen ke ou rapòte sèlman sa ki nesèsè, epi ke ou ap konfòmè avèk VAWA oswa kondisyon konfidansyalite lòt finansye yo. Ou ka rapòte sèlman enfòmasyon ki obligatwa dapre lwa Obligatwa yo sou rapòtaj sof si sivivan an bay konsantman enfòmè, alekri, pou ou divilge plis enfòmasyon. Sonje byen pou planifye pou sekirite sivivan an epi ofri li sipò kontinyèl!





# Zouti sou Konfidansyalite Minè yo

## Modèl Ekriti a: Rapòtè Obligatwa k ap Pale nan Lekòl la

Sa se yon modèl ekriti pou defansè ki travay nan jiridiksyon kote yo se rapòtè obligatwa. Nan script sa a, defansè yo ap pale ak yon gwoup jèn jèn nan lekòl la. Nou espere ou pral revize ekriti sa a pou konfòme avèk bezwen ou yo, ki gen ladan estil lapawòl ou, bezwen minè yo ou sèvi, lalwa nan jiridiksyon ou, ak bezwen yo nan òganizasyon ou.

Bonjou, non mwen se \_\_\_\_\_, epi mwen travay nan \_\_\_\_\_.  
Òganizasyon nou bay sèvis gratis pou \_\_\_\_\_.

Mwen isit la jodi a pou mwen pataje kèk enfòmasyon sou [vyolans domestik / atak seksyèl / menas / abi timoun]. Vyolans sa gen yon enpak sou anpil moun nan kominote nou, ki gen ladan anpil nan nou nan sal sa a. Gen kèk nan sa mwen di ka familyè pèsònèlman, epi ou ka gen kesyon oswa enkyetid sou ki ou vle pale.

Mwen pral ba ou yon ti tan pou poze kesyon, men premyèman mwen vle pataje kèk enfòmasyon enpòtan, ki gen rapò ak vi prive. Òganizasyon nou kwè fòtman nan dwa yon sivivan pou decide sa ki pi bon pou yo ak pou kontwole sa k ap pase avèk enfòmasyon yo. Poutèt sa, nou vle ou konprann sa k ap pase avèk nenpòt enfòmasyon ou pataje avèk mwen jodi a oswa avèk lòt moun nan [Name of Organization] nan pidevan an.

Mwen se yon rapòtè obligatwa sou abi timoun. Anjeneral, sa vle di si mwen konnen oswa mwen sispèk ke yon timoun te abize oswa neglije, mwen oblije rapòte li [bay lapolis oswa bay sèvis pwoteksyon pou timoun]. Menm si mwen se yon rapòtè obligatwa sou abi timoun, ou ka rele liy telefonik asistans an prive, epi ou pa bezwen bay non oswa laj ou, si ou gen kesyon sou yon bagay ki te rive ou oswa yon moun ou konnen,. Si ou bay non ou oswa nimewo telefòn ou, enfòmasyon sa a ta ka dwe pataje si yo dwe fè yon rapò.

Mwen vle onèt avèk ou sou responsablite rapòtaj obligatwa mwen paske byenke pafwa rapòtaj se egzakteman sa yon sivivan vle, pafwa se pa ka a. Si ou vle pale ak yon moun sou abi ou, yon zanmi, oswa yon manm lafanmi ap eksperyans, mwen la pou pale avèk ou. Men, tanpri konnen ke toudepann sou sa ou di mwen, mwen ka pa kapab kenbe enfòmasyon sa prive; Mwen ka oblije rapòte li.

Sepandan, menm si mwen se yon rapòtè obligatwa, se pa tout moun ki youn. Gen moun ou ka pale avèk anprive ak konfidansyèlman ki pa oblije fè yon rapò. Ou ka jwenn yon nan lis kèk moun sa yo, toude nan òganizasyon nou ak nan òganizasyon yo kote anplwaye nou yo te travay avèk ak gen konfyans nan yo, nan feyè m ap bay nou.

Nou vle ou chwazi sèvis ki ta pi itil pou ou. Nou espere prezantasyon sa a bay enfòmasyon an ou bezwen konsa ou ka jwenn sipò si ou bezwen li.

Epitou, mwen te pote yon "Bwat Kesyon" avèk mwen. Lè mwen fini avèk prezantasyon mwen, mwen pral mande nou chak pou ekri yon bagay sou yon moso papye mwen te bay nou: Yon kesyon, yon kòmantè, kèk fidbak sou prezantasyon mwen jodi a – ou deside. Lè sa a, pliye papye a epi mete li nan bwat kesyon an. Menm si ou pa gen yon kesyon pou nou, lè ou ekri yon bagay, li pral ede pwoteje vi prive moun ki te ekri yon bagay.

Finalman, tanpri pran swen tèt ou toude pandan ak apre prezantasyon sa a. Nou eseye kreye yon espas ki ansekirite isit la; èske gen yon lòt bagay nou ta ka fè ki ta ka ede ou santi pi alèz?

Èske nou gen nenpòt kesyon anvan mwen kòmanse?